

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tujuan dina pangajaran basa Sunda di sakola sangkan siswa miboga kamampuh maké basa anu merenah luyu jeung undak usuk basa, miboga sikep anu positif kana basana sorangan, miboga pangaweruh ngeunaan ngawasa stuktur basa, jeung ngarasa reueus kana basa Sunda. Tarigan (2008, kc. 2) kaparigelan makéna basa anu kudu dicangking aya opat komponén kayaning kaparigelan ngaregepkeun (*listening skill*), kaparigelan nyarita (*speaking skill*), kaparigelan maca (*reading skill*), jeung kaparigelan nulis (*writing skill*). Dina opat kaparigelan éta, salasihiji kaparigelan basa anu meredih sangkan siswa leuwih aktif jeung produktif nyaéta kaparigelan nulis.

Nulis sok disebut ogé ngarang, nyaéta salasihiji métode panghadéna dina ngamekarkeun kaparigelan makéna basa (Hastuti, kc. 1). Sedengkeun nurutkeun Amitaningsih (2011, kc. 76) nulis nyaéta kamampuh hiji jalma dina ngalukiskeun tanda kabahasaan pikeun ngébréhkeun gagasan atawa pesen anu hayang ditepikeun ngaliwatan basa tinulis ti pangarang ka pamaca. Komunikasi teu langsung dilaksanakeun ku ngagunakeun média tulisan, jeung ngagunakeun lambang-lambang basa. Kaparigelan nulis bisa ngamekarkeun bakat anu dipiboga ku unggal jalma dina ngébréhkeun kabéh pamadegan, gagasan, pikiran, jeung pangalamana.

Dasarna nulis aya opat kelompok karangan kayaning narasi (carita), éksposisi (paparan), déskripsi (gambar), jeung arguméntasi (Sabarti Akhadiah spk, dina Mawarni, 2015, kc.4). Anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta karangan narasi (carita) wangun carita pondok dina pangajaran basa Sunda pikeun SMA (Sekolah Menengah Atas).

Nulis mangrupa salasihiji cara komunikasi antara pangarang jeung pamaca atawa sacara singkat bisa disebutkeun yén pangarang miboga pamikiran jeung gagasan anu hayang ditepikeun ka pamaca ngaliwatan média tulisan (Tarigan, 2008, kc. 2).

Dumasar Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD), dasar indikator nu rék dihontal nyaéta *menulis carita pondok sederhana dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan*. Ku kituna, nulis carita pondok mangrupa salasihiji kompetensi dina kurikulum 2013 anu kudu dikawasa ku siswa.

Carita pondok nyaéta karangan tulisan fiksi (rékaan) nu miboga galur carita nu basajan. Lantaran kitu, jumlah kajadian caritana henteu réa. Hartina ngan museur kana hiji kajadian, tur palakuna ogé ngan dua atawa tilu karakter dina hiji carita pondok (Isnendes, 2010 kc. 29).

Nulis carita pondok di SMA mangrupa salasihiji kaparigelan anu kudu dicangking ku siswa lantaran umpamana siswa geus ngawasa kana kaparigelan nulis, tangtu kaparigelan séjén ogé bakal gampang dikawasa. Nulis mangrupa métode nu panghadéna pikeun diajar, nginget, jeung maham kana élmu pangaweruh. Nulis miboga mangpaat pikeun ngabagi élmu antara pangarang jeung pamaca, ku cara nulis urang bisa dipikawanoh jeung tulisan mah moal luput ku umur, nulis salaku eunteung diri, nulis penting pikeun ngasah otak, nulis penting pikeun ngajaga kaséhatan jiwa, jrrd.

Nalika dilaksanakeun wawancara ka siswa di SMA Negeri 5 Garut, pangajaran nulis jadi salasihiji pangajaran anu dianggap hésé ku siswa. Bangbaluh anu karandapan ku siswa diantaranya dina pangajaran nulis carita pondok siswa masih keneh hésé dina ngamekarkeun ide carita sarta nangtukeun kumaha prak-prakan nulis carita pondok anu hadé. Siswa ogé masih kénéh kawatesanan dina merhatikeun stuktur carita pondok sarta kaédah bahasana. Lian ti masalah anu karandapan ku siswa, bangbaluh séjén dina nulis carita pondok aya tina hal pangajaranana. Cara guru nepikeun pangajaranana *monoton*, nu ahirna pangajaran nulis jadi jenuh, teu ngirut jeung tunduh.

Dumasar kana pedaran di luhur, dianggap perlu ayana tarékah pikeun ngungkulan éta bangbaluh. Salasihiji tarékahna nyaéta sangkan siswa parigel nulis jeung betah kalayan teu ngarasa tunduh nalika nyanghareupan pangajaran anu ditepikeun ku guru nyaéta guruna kudu miboga kamahéran dina maké média. Salasihiji tarékah anu dimaksud nyaéta pangajaran nulis carita pondok kalayan maké film pondok salaku médiana.

Ngaliwatan pangajaran nulis carita pondok maké média film pondok lantaran film pondok dianggap mampu mantuan siswa dina mekarkeun ideu carita, kekecapan, jeung pangaweruhna sorangan sabab geus miboga gambaran anu jelas dina film. Média film keur meumeujeuhna tumuwuh jeung mekarna gancang pisan. Ku kituna, film bisa dijadikeun bahan pangajaran anu matak ngirut siswa lantaran mangrupa téknologi anu kasebut anyar.

Film pondok nyaéta tayangan *audio-visual* anu dipikaharti salaku potongan gambar usik ngawangun hiji carita fiksi anu durasina kurang ti 60 menit. Film pondok miboga sababaraha kaistiméwaan, di antarana bisa mangaruhan émosi anu kuat jeung sanggup nyambungkeun panongton katut kisah-kisah pribadina, bisa ngailustrasikeun kontrak visual sacara langsung, tur bisa *berkomunikasi* jeung panongton tan watés sacara luas kana perspéktif pamikiran (Javandalasta, 2011, kc 1). Média film pondok ieu bakal leuwih ngarangsang imajinasi, sumanget, ngaronjatkeun kamampuh jeung ngahudang karep siswa dina nulis carita pondok.

Dumasar kana kasang tukang pamadegan sarta pasualan di luhur, ieu panalungtikan diujicobakeun dina pangajaran nulis carita pondok kalayan judul “Média Film Pondok Basa Sunda pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA SMA Negeri 5 Garut Taun Ajaran 2020/2021)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Aya dua hal anu diguar dumasar kasang tukang di luhur nyaéta watesan masalah jeung rumusan masalah.

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah anu dipedar di luhur, dicindekeun yén masalah dina ieu panalungtikan nyaéta kurangna kamampuh nulis carita pondok. Sangkan ambahan panalungtikan teu lega teuing jeung teu méngpar tina tujuan ogé rarancang awal, nu matak ieu panalungtikan diwatesanan. Ieu panalungtikan medar jeung maluruh kamampuh nulis carita pondok ngagunakeun média film pondok.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah anu dipaluruh dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti kieu:

- 1) kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh ngagunakeun média film pondok?
- 2) kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa sabada ngagunakeun média film pondok?
- 3) naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh jeung sabada maké média film pondok?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar ieu panalungtikan miboga tujuan anu rék dihontal nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan tujuanna nguji média film pondok basa Sunda dina pangajaran nulis carita pondok pikeun siswa kelas XI IPA 1 di SMA Negeri 5 Garut Taun Ajaran 2020/2021.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh ngagunakeun média film pondok;
- 2) kamampuh nulis carita pondok siswa sabada ngagunakeun média film pondok;
- 3) bédana antara kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh jeung sabada maké média film pondok.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa:

- 1) nambahan élmu pangaweruh ngeunaan média-média pangajaran hususna dina pangajaran nulis carita pondok;
- 2) pikeun nambahan jeung ngewewegan panalungtikan dina widang pangajaran sastra Sunda di SMA;
- 3) pikeun acuan panalungtikan salajengna dina widang pangajaran, hususna dina nulis carita pondok ngagunakeun média film.

1.4.2 Margaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat:

- 1) pikeun panalungtik, bisa mikanyaho kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sabada maké média film pondok;
- 2) pikeun siswa, dipiharep siswa bisa leuwih kréatif jeung sumanget dina mekarkeun imajinasina, ogé dipiharep dina ieu panalungtikan bisa méré prosés diajar anu ngirut, mantuan siswa sangkan bisa ngaronjatkeun deui imajinasi jeung pangalaman dina nulis carita pondok, sarta ngajadikeun nulis carita pondok jadi leuwih babari jeung teu matak bosen;
- 3) pikeun guru, ieu panalungtikan bisa jadi salasihiji alternatif pikeun dijadikeun média anu ngirut siswa dina pangajaran basa Sunda, husuna dina nulis carita pondok;
- 4) pikeun kampus, nambahan panalungtikan dina widang pangajaran pikeun murid SMA dina nulis carita pondok.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab, nyaéta Bab I bubuka, nu ngawengku judul panalungtikan, kasang tukang masalah, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan husus panalungtikan, métode panalungtikan, mangpaat tioritis, mangpaat praktis panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan tiori dipedar ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III medar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung pedaran, nu ngawengku hasil panalungtikan, jeung pedaran ngeunaan Média Film Pondok Basa Sunda pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita pondok (*Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA SMA Negeri 5 Garut Taun Ajaran 2020/2021*).

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina mangrupa kacindekan jeung saran ngeunaan hasil panalungtikan.